# QOSPA TÁLIM BAǴDARLAMALARINIŃ ÁHMIYETI HÁM ZÁRÚRLIGI

***Gayipbayev Nurlan Raxmetovich***
*Qaraqalpaqstan medicina institutı fakultet dekanı*
*nurlangayipbaev@gmail.com*
*Tel: 97 788 57 77*

**Annotatsiya.** Maqalada Qospa tálim baǵdarlamalarınıń áhmiyeti hám zárúrligi, házirgi kúnde Qospa tálim baǵdarlamaları jańa bilimlendiriw forması ekenligi, bilimlendiriw sistemasın jańalaw hám jetilistiriw ushın metodikalıq tiykar, semantikalıq qollanba bolıp xızmet etiwi, sonıń menen birge bilimlendiriwdiń sapa jaǵınan nátiyjelerine erisiw ushın házirgi kúndegi hám keleshektegi xalıqaralıq baǵdarlamalardıń mánisi hám tiykarǵı quramlıq bólimlerin anıq belgilew zárúrligi haqqında keltirilgen. Qospa baǵdarlamalar kópshilik joqarı oqwı orınları ushın jańa qubılıs. Oqıw baǵdarlamaların birgelikte ámelge asırıw olardıń rawajlanıwına úles qosadı. Bul bunday birge islesiw, ásirese, nızamshılıq hám bilimlendiriw strukturaları bir-birinen parıq qılǵanda, áhmiyetli strategiyalıq, pedagogikalıq hám ámeliy mashqalalardı da keltirip shıǵaradı. Jumıs kóleminiń artıwı hám kóp waqıt talap etedi hám jaqsı integraciyalanǵan hám joqarı sapalı baǵdarlamalardı jaratıw ushın imkaniyat jaratıladı.

**Tayanısh sózler:** qospa bilimlendiriw, bilimlendiriw baǵdarlaması, bahalaw, bilimlendiriw talapları, birge islesiw, birge kelisip islesiw (sinergetikalıq birge islesiw)

**Kirisiw.** Joqarı oqıw orınları tárepinen birge bilimlendiriw baǵdarlamaların jaratıw sońǵı 15 jıldan aslam dawam etip atırǵan ámeliyat bolıp, studentlerdi qısqa múddetke (1 aydan 3 ayǵa shekem) almastırıw ámeliyatınan universitetler barǵan sayın kóbirek qospa baǵdarlamalar ámeliyatına ótiwi kóbirek kózge taslanbaqta. Bunday baǵdarlamalardı jaratıw joqarı oqıw orınlarınıń baslaması bolǵan bolsa, endi bul álleqashan bilimlendiriw tarawındaǵı siyasattıń baǵdarı bolıp, onıń sheńberinde baǵdarlamalar jaratıladı hám qarjılar ajıratıladı. Birgeliktegi bilimlendiriw baǵdarlaması - bul eki yamasa onnan artıq joqarı oqıw orınları (JOO) tárepinen birgelikte islep shıǵılǵan hám ámelge asırılatuǵın bilimlendiriw programması. Sonıń menen birge, oqıw modulleriniń bir bólegi birge islesiwshi JOO professor-oqıtıwshıları tárepinen oqıtıladı dep belgilenedi. Belgilengen shártlerdi ámelge asırıw formaları hár qıylı bolıwı múmkin: studentlerdiń aktivligi, oqıtıwshılardıń belsendiligi, aralıqtan oqıtıw yamasa usı formalardıń birelikte jámlengeniligi. Eki tárepleme diplom baǵdarlamaları birge islesiwshi JOO bilimlendiriw baǵdarlamaların salıstırıw hám sinxronlastırıwǵa tiykarlanǵan baǵdarlamalar bolıp, tárepler tárepinen baǵdarlamanıń maqsetleri hám mazmunın anıqlaw, oqıw procesin shólkemlestiriw, ilimiy dárejeler beriw yamasa ilimiy qánigeliklerdi beriw sıyaqlı máseleler boyınsha ulıwma minnetlemelerdi qabıl etiwi menen kórsetiledi. Oqıw tamamlanǵannan soń hám hár bir baǵdarlama boyınsha barlıq talaplar orınlanǵannan keyin talabaǵa ilimiy dáreje beriw ushın belgilengen úlgidegi eki diplom hám eki transkript yamasa shártnamalar tiykarında bir qospa diplom beriledi.

Qospa tálim baǵdarlaması barlıq tiykarǵı elementleri boyınsha kelisilgen baǵdarlama dep joqarıda keltirilgenindey, bunday elementler oqıw jobası, oqıtıw metodikası, sapanı támiyinlew sisteması, sonıń ishinde Evropa kredit ótkeriw sisteması (ECTS), bahalaw qaǵıydaları hám principleri, quramǵa qoyılatuǵın talaplar, oqıtıwshılar hám talabalardı jumısqa qabıl etiw); aktivlik sırt elde (birge islesiwshi universitetlerde) oqıw múddetleri menen támiyinlenedi, olar óz-ózinen tán alınadı hám baǵdarlama birgelikte basqarıladı. Barlıq birge islesiwshi JOO berilgen diplom hám dárejelerdi tán aladı. Bilimlendiriwdiń salıstırılıwı tiykarında bilimlendiriw nátiyjeleri anıqlanadı.



*DOI: 10.5281/zenodo.18950224*

Respublikanıń joqarı oqıw orınlarında 2019-jıldan baslap sırt el joqarı bilimlendiriw mákemeleri menen birgelikte Qospa tálim bağdarlamaları tiykarında kadrlar tayarlaw jumısı jolğa qoyıw belgilengen. Sırt el joqarı bilimlendiriw mákemeleri menen birgelikte Qospa tálim bağdarlamaları tiykarında kadrlar tayarlaw jumısın keńeytiw, birgelikte ótkeriletuğın ilimiy konferenciyalar hám seminarlardıń sanın kóbeytiw, xalıqaralıq ilimiy hám bilimlendiriw joybarların ámelge asırıw, rawajlanğan sırt ellerdiń joqarı bilimlendiriw mákemeleri hám ilimiy-izertlew qospa ilimiy jurnallar, sonday-aq, bilimlendiriw forumları, rektorlar konferenciyaları hám basqa da ánjumanlardı shólkemlestiriw, sırt ellerde jergilikli joqarı bilimlendiriw mákemeleriniń filialların shólkemlestiriw, Qospa tálim bağdarlamaların ámelge asırıw bolıp tabıladı. Qospa tálim bağdarlamaları tómendegi ózgesheliklerge juwap beriwi lazım:

- programmalar bir neshe JOO tárepinen birge dúziledi hám tastıyıqlanadı;
- joqarı oqıw ornı studentleri oqıwdıń bir bólegin basqa universitetlerde ótedi;
- talabalardıń universitetlerde oqıw múddeti tárepleri óz-ara salıstırıladı;
- birge kelisip islesiwshi oqıw orınlarında oqıw shártleri hám ótkerilgen imtixanlar tolıq tán alınadı;
- joqarı oqıw ornınıń professor-oqıtıwshıları basqa universitetlerde de sabaq beredi, birgelikte oqıw bağdarlamaların islep shıgadı, qabıllaw hám imtixanlar ushın birgeliktegi komissiyalar dúziledi;
- bağdarlamanı tamamlaǵannan keyin studentler qatnasıwshı joqarı oqıw ornı hár birinen mámleketlik dárejeler yamasa birgelikte beriletuğın dáreje aladı.

Qospa tálim bağdarlamaların ámelge asırıwdağı belgilengen sheklewlerden biri bilimlendiriw bağdarlamasın tamamlaǵanlığı haqqındağı hújjet (diplom) formasın belgileydi. Xalıqaralıq tálim bağdarlamaların islep shığıw hám ámelge asırıwda universitetler islesiw boyınsha mámleketler aralıq shártnamalarğa súyeniwi múmkin. Bul jağdaydıń unamlı hám unamsız táreplerin nızamlı sheshiw jolların islep shığıladı. Aldın universitetlerdiń xalıqaralıq baylanısları óz-ózinen rawajlanğan bolsa, búgingi kúnde bilimlendiriw xızmetleriniń xalıqaralıq bazarındağı ulıwma tendenciyalardı, olardıń básekige shıdamlı abırayın hám bilimlendiriw ónimleri menen xızmetleriniń ózine tán ózgesheliklerin esapqa alğan halda jumıstıń strategiyalıq bağdarların sistemalı túrde rawajlandırmaqta.

Dúnyaǵa belgili aldıńğı qatardağı universitetlerde (Garvard, Stenford universitetleri, Massachusets texnologiya institutı) "ózine iseniw" siyasatı keminde altı ay dawamında talaba tálimin basqa jetekshi universitet óz ara tiykarda kirgiziw arqalı múmkin bolğan bilimlendiriwdi diversifikaciyalaw *(islep shığarıw hám bilimlendiriwdi kóp tarmaqlı etiw)* ideyasına ótpekte. Bilimlendiriw procesin diversifikaciyalaw *(hár túrlilik)*. Óndiristiń innovaciyalılığı, innovaciyalıq islenbelerdi engiziw zárúrligi (hár qıylı mámleketlerde hár qıylı) hám kadrlar tayarlawdı diversifikaciyalaw zárúrligi qospa bağdarlamalardı jaratıw ushın obektiv tiykar bolıp esaplanadı.

Jámietlik turmıstıń barlıq tarawlarında xalıqaralıq maydanda globallasıw hám integraciya processleriniń kúsheyiwi sharayatında joqarı bilimlendiriw sistemasın rawajlandırıw da onıń salıstırmalılığın támiyinlew bağdarında (ámeliy mexanizmler tarawında, norma hám standartlar) sırt el joqarı bilimlendiriw sistemaları menen birgelikte ámelge asırıladı. Bunday salıstırmalıq Qospa tálim bağdarlamaların islep shığıw ushın qolaylı tiykar jaratadı.

Qospa tálim programmaların islep shığıw arqalı basqa mámleketlerdiń bilimlendiriw bazarlarına shığıw, joqarı bilimlendiriwdi sırt elde alğa qoyıw hám eksport etiw, sonday-aq, birden-bir Evropa miynet bazarın jaratıw imkaniyatların ashıp beredi, bul bolsa bolajaq

pitkeriwshilerdi jumıs penen támiyinlewde áhmiyetli belgi esaplanadı. Kóplegen arnawlı izertlewlerge, atap aytqanda, Evropa Aziyanıń universitetleri associaciyasınıń analitikalıq materiallarına súyenemiz. "Double (yamasa onnan kóp) hám birgeliktegi diplom baǵdarlamaları" akademiyalıq almasıwlar hám Evropa joqarı bilimlendiriw mákemeleri rektorları konferenciyası qáwenderliginde ámelge asırılıwlar, Rossiya Federaciyasınıń aldıńǵı universitetlerinde akademiyalıq mobilliktiń birden-bir sistemasın jaratıw sheńberinde izertlew materialların alıp barıw názerde tutıladı.

Universitet ámeliyatında qospa diplom beriw menen birge baǵdarlamada qatnasıwshı mámleketler atınan bir diplom berilse, eki diplom beriw keń tarqalǵan. Sonıń menen birge, olardan biri milliy dárejede tán alınǵan dáreje, ekinshisi geyde tek ǵana universitet birge islesiwiniń barlıq qatnasıwshıları tárepinen qol qoyılǵan sertifikat hám sonlıqtan milliy dárejede nızamlı túrde tán alınbaydı. Bunday mashqalalardı saplastırıw ushın ámeldegi nızamshılıqqa ózgerisler kirgiziw máseleleri turadı.

Qospa yamasa qos diplomlardı tarqatıw ushın eń qıyın másele - olardıń qarjılandırıw bazasın keńeytiw zárúrligi.

Bunday baǵdarlamalar dástúriy baǵdarlamalarǵa qaraǵanda bahası belgilengen normalardan joqarılaw, bul birinshi gezekte xalıqaralıq mobillik hám baǵdarlamalardı basqarıw mexanizmlerin qarjılandırıw zárúrligi menen baylanıslı. Bul joqarı qárejetlerdi tarmaq aǵzalarınıń ózleri yamasa hátteki studentler qaplaydı. Birinshi usıl universitetlerdiń bunday baǵdarlamalarǵa qızıǵıwshılıǵın azaytıwı múmkin. Ekinshisi - studentler arasında teńsizlikti kúsheytiw, olar hár qıylı dárejede bunday baǵdarlamalardan paydalanıw imkaniyatına iye boladı.

Qospa baǵdarlamalardı resurs penen támiyinlew menen baylanıslı máselelerden tısqarı, qospa dárejelerdi tán alıw, sapanı támiyinlew hám qadaǵalaw, basqarıw nátiyjeliligi, sonday-aq, túrli mámleketlerdegi universitetlerde studentler háreketin sinxronizaciyalaw máseleleri de áhmiyetli. Bul biraz tárepten kóplegen universitetlerdiń qospa baǵdarlamalardıń nátiyjeliligin baqlaw, ilimiy dárejelerdi beriwdiń usıl sapasın tallaw boyınsha háreketlerin túsindiredi.

**Juwmaq.** Búgingi kúnde global procestiń rawajlanıwında, ilimiy bilimler sistemasınıń ashıq principi bolıp, óz ara tásir hám ideyalar dárejesinde, hám texnologiya dárejesinde ámelge asırıladı. Global procestiń rawajlanıwı xalıqaralıq qatnasıqlardıń kúsheyiwi sebepli bul procestiń ósiwi sharayatında júz beredi, sebebi civilizaciyalardıń mádeniy hár túrliligi artıp barmaqta. Bul quramalı hám qarama-qarsılıqlı proceste túrli mámleketlerdiń milliy mádeniy ózgesheliklerine itibarlı qatnasta bolıw, milliy mádeniyat rawajlanıwın jáhán mádeniyatı arenasında kóre biliw, sonıń menen birge, milliy mádeniyattan ónimli paydalanıw ayrıqsha áhmiyetke iye.

## PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR DIZIMI:

1. O'zbekiston Respublikasi Oliy ta'lim tizimini 2030-yilgacha rivojlantirish konsepsiyasini tasdiqlash to'g'risida"gi O'zbekiston Respublikasi Prezidentining Farmoni, 08.10.2019 yildagi PF-5847-son
2. Буркель Н., Творогова С., Шендерова С. Инновации и изменения в транснациональном образовании. Совместные программы между европейскими и российскими вузами [Электронный ресурс]. Режим доступа: http://www.fuberlin.de/sites/moscow/media/eu-reportcatalog/REPORT_JOINT-PROGRAMMES_RU.